



**RAPÒ OFISYÈL KOMITE BOSTON SCHOOL  
Gwoup Operasyonèl EGZAMEN ADMISYON AN**

**13/4/21**

Gwoup Operasyonèl egzamen admisyon Komite Boston School la te fè yon reyinyon a distans 13 avril 2021 a 5:00 PM sou Zoom. Pou plis enfòmasyon konsènan nenpòt nan pwèn ki nan lis ki pi ba a, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, email [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oubyen rele Biwo Komite Boston School nan (617) 635-9014.

**PREZANS**

Manm gwoup operasyonèl egzamen admisyon lekòl ki prezan: Prezidan adjwen Michael Contompasis; Prezidan Adjwen Tanisha Sullivan; Acacia Aguirre; Simon Chernow; Matt Cregor; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; and Rosann Tung.

Manm gwoup operasyonèl egzamen admisyon lekòl ki te absan: Katherine Grassa; Tanya Freeman-Wisdom; and Tamara Waite.

Staff BPS ki prezan: Monica Roberts, Chief of Student, Family and Community Advancement; Corey Harris, Chief Accountability Officer; and Monica Hogan, Senior Executive Director of the Office of Data and Accountability.

**DOKIMAN YO TE PREZANTE**

[Agenda](#)

[Meeting Minutes: March 30, 2021](#)

[Presentation: Other District Admissions Processes](#)

**ENTWODIKSYON**

Mesye Contompasis te bay siyal pou reyinyon an kòmanse. Li te anonse gen sèvis entèpretasyon dirèk ki te disponin an Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Cabo Verdean, Vyetnamyen, Kantonyen, Mandaren, Pòtigè, Somali, Arab ak Lang Siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo entwodui tèt yo e yo bay enstriksyon nan lang pa yo sou fason moun ka jwenn entèpretasyon dirèk la lè yo chanje chanèl Zoom nan.

Madam Parvex te fè apèl la. Katherine Grassa, Tamara Waite, ak Dr. Freeman-Wisdom te absan. Tout lòt manm yo te prezan.

## APWOBASYON RAPÒ REYINON YO 30 MAS 2021

*Apwouve* – Tout Gwoup Operasyonèl la dakò ak Rapò Reyinyon 30 Mas 2021 Gwoup Operasyonèl egzamen admisyon yo te fè a.

## PREZANTASYON

MAdam Hogan te bay yon apèsi sou pwosesis admisyon lòt Distri yo. Pou Kòmanse Madam Hogan te kòmanse ak pwosedi admisyon Slective High School pou l te ka reponn kèk kesyon yo te poze nan reyinyon anvan yo. Li te di twa kritè yo- GPA, Egzamen Map NWEA ak egzamen antre a - ke yo itilize nan enskripsyon Chicago yo, gen menm pwa, e yo distribiye envitasyon nan kategori sosyoekonomik bay kandida ki nan pi gwo klasman nan kategori a. Li di tou gen yon Kalkilatrè pwen sou sit Distri a pou ede kandida yo konprann ki nòt yo bezwen nan egzamen admisyon an.

Mesye Acevedo te di l enterese nan fason pwosedi kominotè a fèt nan Chicago. Madam Sullivan te ankouraje manm yo pou yo chèche atik sou fason diferan vil yo te adapte yo ak chanjman nan admisyon yo. Prezidan adjwen an te dakò yonfwa Gwoup Operasyonèl la fin ekri premye vèsyon rekòmandasyon l lan, yo ta renmen fè yon seyans pou resevwa fidbak kominote a e fè ajisteman ki nesèsè anvan yo prezante rekòmandasyon final la bay Komite Lekòl la.

Aprè sa, Madam Hogan te prezante pwosedi admisyon yo itilize nan lekòl Charlotte-Mecklenburg yo nan Kawolin Dinò. Distri sa a itilize stati sosyoekonomik nan pwosesis chans pou pwogram espesyalize yo e enfòmasyon yo soti nan de sous: nan Census/American Community Survey ak enfòmasyon moun rapòte pèsònèlman. Enfòmasyon Census/American Community Survey gen ladan kapasite nan lang Anglè, Manm fanmi yo, revni fanmi, si yo pwopriyetè kay, ak nivo etid paran. Enfòmasyon moun nan rapòte pèsònèlman gen ladan revni fanmi an, nivo etid ak kantite minè ki nan kay la. Asiyasyon plas yo fèt ak yon sistèm pa aza.

Plizyè manm te poze kesyon sou diferans ki gen ant egzamen Charlotte-Mecklenburg Schools ak egzamen Boston yo. Madam Hogan te esplike li pat vrèman konnen ki jan yo te wè lekòl espesyal yo (Magnet Schools) men li te konsantre sou diferan fason distri yo te itilize nivo sosyoekonomik yo nan pwosesis asiyasyon yo.

Mesye Chernow te mande si manm Gwoup operasyonèl te rive jwenn yon akò pou di Egzamen lekòl yo bezwen kenbe yon tès oswa yon règleman sou mwayèn yo. Madam Sullivan te esplike

yo pat gen yon konvèsasyon sou sa antanke Gwoup Operasyonèl. Li te di tou yo te gen 2 oswa plis reyinyon pou fè anvan yo pale sou pwoblèm sa yo.

Mesye Contompasis te vle konnen si lekòl ki pa gen pwogram espesyalize yo (Non-Magnet schools) te gen yon sistèm pwosesis pa aza tou e ki sa enfòmasyon yo montre anrapò ak distribisyon elèv yo nan lekòl espesyalize yo. Madam Hogan te di li kwè te gen yon sistèm pa aza e rezon ki fè yo te vini avèk stati sosyo ekonomik lan nan pwosedi se te pou divèsifye stati ekonomik yo nan lekòl yo. Li pat konn ki enpak sa fè ni tout chanjman yo men li te di distri Charlotte-Mecklenburg School te kòmanse fè kèk analiz sou enpak yo.

Madam Tung te mande si yo ta ajoute yon lòt kategori kesyon pou konnen ki jan elèv yo te fè fas ak obstak yo, ki jan sa te fèt nan seleksyon pa aza a piske sa pat fèt sou baz mwayèn oswa tès ditou. Madam Hogan te reponn li pat konn ki jan sistèm yo a te ye anvan, oswa si l te yon seleksyon pa aza san priyorite.

Mesye Contompasis te di Gwoup Operasyonèl la te dwe kòmanse pale sou ki sa yo ta renmen wè kòm ranplasman pou pwosedi entèmedyè a. Li te fè manm yo sonje dat pou pwochen reyinyon yo, tankou reyinyon 27 avril la kote yo tap gen pou tandè yon prezantasyon sou Detroit Public Schools. Li te di tou nan yon pwochen reyinyon Gwoup Operasyonèl la pral resevwa yon prezantasyon NWEA, ki pral bay manm yo okazyon pou yo poze kesyon konsènan krediblite evalyasyon sa a.

Mesye Contompasis te fè yon kòmantè tou pou l di li te pale ak Chris Osgood, Chèf ekip Majistra Janey la, pou l te mande èd nan men Vil la konsènan done sou resansman ak done jeyokòd. Li te pale tou sou mwayèn ak evalyasyon e l te di te gen kèk pwoblèm konsènan mwayèn yo akòz COVID-19 la e Mesye Correy Harris, Kontab an chèf la, te nan reyinyon an sizoka manm yo ta gen kesyon.

Madam Sullivan te mande mesye Contompasis si l tap eseye konprann ki jan distri a te asire l tout elèv yo gen mwayèn ki anrejistre nan sistèm nan, pou sizoka Gwoup Operasyonèl la ta chwazi rekòmande yon pwosesis ki enplike mwayèn yo, yo ka konprann ki travay ki bezwen fèt pou asire yo tout timoun yo gen mwayèn nan sistèm nan, oswa pou konfime an reyalyte, sistèm nan ap mache jan l ta dwe a. Mesye Contompasis te esplike li t ap chèche konsistans yon fason pou yo pa ta itilize yon faktè ki pa vrèman kredib. Madam Sullivan te ajoute yo dwe atantif paske yon apès sèlman yo genyen sou sa k ap pase nan BPS e yo pat gen yon rapò sou sa kap pase an prive, nan pawas, nan règleman yo ak lekòl adomisil yo. Mesye Contompasis te fini pou l di si yo chwazi itilize mwayèn, manm yo ta dwe asire yo yo kredib pou tout elèv ki nan gwoup la. Madame Sullivan te ajoute li pat sèten yo t ap ka bay asirans sa yo.

Madam Lum te ajoute Opportunity Index Data te ka itil tou, e yo te ka itilize enfòmasyon sa yo pou yo kore sistèm nan anrapò ak mwayèn yo, men sa ta dwe pran an kont tou enfòmasyon sou nivo sosyoekonomik yo yon fason ki plis ekilibre olye de kòd postal yo sèlman.

Mesye Contompasis te di li vle manm yo kòmanse panse sou tout sa yo te tandè e yo te li yo yon fason pou yo ka jwenn yon sèten akò sou kritè yo vle mete yo ak si tout kritè sa yo gen pwa. Li di yo te site mwayèn, evalyasyon, resansman, revni famiyal eks. Li di yo yon ti jan anreta nan travay piske yo poko bay rezilta yo pandan pwosesis entèmedyè a.

Madam Acacia te dakò sa tap bon pou yo reflechi sou sa manm yo te aprann jiskaprezan, pou yo ka fè yon analiz antanke gwoup sou fason yo vle sèvi ak diferan paramèt yo.

Mesye Contompasis te di si Gwoup Operasyonèl la jwenn yon antant sou ki faktè yo ta renmen konsidere, yo ka mande vil la egzekite done yo.

Madam Tung te ajoute ke lè manm yo te panse sou lis kritè oswa faktè yo, yo te dwe panse ak yo nan kad elijiblite parapò ak kritè seleksyon, menm jan nan plizyè egzanp yo te wè an reyalye gen 2 etap nan pwosedi a.

Madam Skerritt te ajoute li pa ka tann pou l tande distri a k ap prezante pwosesis règleman tanporè a menm jan li kwè sa te ka ede l dekouvri kèk nan rekòmandasyon yo alavni. Anplis, li te di li ta renmen tande tou mizajou ki fèt sou sa yo panse de mwayèn yo. Li te di li enkyete paske manm yo ka gen kritè ki fè sans pou yon dire ki long men li ta renmen pale ak yo sou efè sa ka genyen pandan yon ane lekòl ki toujou pa sèten akòz pandemi COVID-19 la.

Madam Tung ap mande si manm yo te ka pale ak moun ki kreye egzamen MCAS yo sou kesyon elijiblite oswa seleksyon pou egzamen lekòl yo.

#### KòMANTÈ JENERAL PIBLIK la

- Martha Bergamaschi, Rezidan Back Bay, paran BPS, te temwaye sou kalite edikasyon nan tout lekòl BPS yo e an favè egzamen MAP la.
- Katie McSweeny, paran nan Boston Latin School (BLS), te pale sou ide pou rive gen ekilib nan admisyon yo ak bon rezilta akademik san yo pa chanje egzamen lekòl yo.

#### KòMANTÈ KONKLIZYON

Mesye Contompasis te remèsye oratè yo ak manm yo pou reyinyon an.

#### AJOUNE

a anviwon 6:40 PM, tout Komite a te vote, chak te reponn apèl, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvex  
Asistan Administratif